



Pou Piblikasyon Imedya: 09/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON AK PÒS NAN ADMINISTRASYON AN

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo nominasyon ak pòs nan administrasyon an.

"N ap konstwi yon ekip premye nivo pou gide ajans Eta a yo ak bay sèvis trè bon kalite pou Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Doktè Cunningham ak Reveran DeCohen se lidè eksepsyonèl ki pral leve ajans sa yo nan yon lòt nivo. Kyla Hynes pral yon lyezon vital ant gouvènman federal la ak New York pandan rekiperasyon nou an. Sa yo se moun ki gen eksperyans ak talan epi mwen pa ka tann pou m travay ansanm avèk yo".

**Doktè Chinazo O. Cunningham** pral nonmen kòm **Komisè, Biwo Sèvis ak Ankadreman pou Akoutimans (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) la.** Tou dènyèman, li te sèvi kòm Komisè Egzekitif Adjwen Ijyèn Mantal nan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (New York City Department of Health and Mental Hygiene, NYC DOHMH). Li te rejwenn ajans lan nan Montefiore Health System ak Albert Einstein College of Medicine kote li se yon Pwofesè Medsin, Medsin Familyal ak Sosyal ak Sikyatri ak Syans Konpòtmantal. Doktè Cunningham gen plis pase 20 ane eksperyans nan rechèch, swen ak elaborasyon pwogram ki konsantre sou moun ki itilize medikaman. Li te fè patenarya tou avèk kominote a pou elabore pwogram pyonye yo pou ankouraje sante popilasyon sa a. Doktè Cunningham te dirije youn nan premye klinik Vil New York pou entegre biprenòfin nan swen primè, ki te answit elaji atravè sèt klinik nan tout vil la. Li te fòme tou plizyè santèn doktè nan tretman toksikomani nan swen primè. Doktè Cunningham te resevwa diplòm lisans li nan Inivèsite Northwestern, diplòm medikal li nan Inivèsite Kalifòni, San Francisco (University of California, San Francisco, UCSF) ak fini rezidans li nan medsin entèn swen primè nan UCSF ak Inivèsite New York (New York University, NYU). Li te pase yon ane kòm chèf rezidans nan NYU. Li genyen tou yon diplòm metriz nan metòd rechèch klinik li te fini pandan tan li nan Einstein. Doktè Cunningham ap sèvi kòm Komisè pa Enterim jiska konfimasyon Sena a.

**Reveran Viviana DeCohen** te nonmen kòm **Direktè Divizyon Sèvis pou Ansyen Konbatan Eta New York.** Reveran DeCohen se yon veteran Kò Marin Etazini epi te dènyèman sèvi Vil Mt. Vernon kòm Komisè Sèvis Veteran li. Anvan sa li te sèvi kòm Direktè Militè ak Afè Veteran epi Pwofesè Adjwen nan Concordia College kote li te kòmanse yon Pwogram Resous sou Kanpis pou asire veteran etidyan yo gen aksè ak

manje, abri, rad ak lòt. Anvan travay li nan Inivèsite Concordia (Concordia College), Reveran DeCohen te Konseye Veteran nan Inivèsite Mercy (Mercy College) kote li te kòmanse kòm elèv. Pandan li t ap pouswiv diplòm lisans li, Reveran DeCohen te etabli premye sant Veteran pou sipòte reyalizasyon akademik ak amelyore anpil to gradyasyon veteran yo. Li te konsevwa pwogram yo, tankou "Operation Buddy Up" ak "Operation PUSH" ki te amelyore mwayèn global yo epi te pouse yon kantite rekò pou ale nan lekòl etid siperyè. Li se yon manm Asosyasyon Fanm Marin (Women Marines Association, WMA), NY-6, American Legion Post 1038, Lig Naval Konsèy New York (New York Council Navy League) ak Konseye Militè pou Fondasyon Barbara Giordano ansanm ak Manm Komite Klèje nan Asosyasyon pou Alzheimer a. Reveran DeCohen sèvi tou kòm Pastè Adjwen, ansanm ak mari li, Reveran Troy P. DeCohen, nan Legliz Kongregasyonèl Mount Vernon Heights. Sèvis militè li te otorize li pou genyen yon Diplòm Syans nan Syans Konpòtmantal, yon Metriz nan Syans, nan Jesyon Sèvis Sante, tou de nan Inivèsite Mercy ak pouswit aktyèl li pou yon Doktora nan Lidèchip Edikatif ak Gewontoloji, nan Inivèsite Concordia, Chicago.

**Kylah Hynes** te nonmen kòm **Direktè Afè Federal**. Tou dènyeman li te sèvi kòm Direktè Afè Federal pou Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) New York avèk plis pase 14 ane eksperyans ap travay nan endistri transpò ak enfrastrikti. Madan Hynes te travay pou Eta New York pandan plis pase dis ane sou règleman transpò eta ak federal, avèk eksperyans espesifik sou pwojè nan fòmil federal, pwogram diskresyonè ak prè atravè tout mwayen yo. Madan Hynes te kiltive yon eksperyans divèsifye nan règleman enstitisyonèl federal yo ak otorite estatitè yo, sa gen ladan travay atravè plizyè pòtfèy règleman adjasan nan anviwònman, enèji, travay sivil ak sektè enfrastrikti jeneral yo. Anvan sèvis li nan eta a, Madan Hynes te kòmanse karyè tranzisyon li nan Asosyasyon Transpò Piblik Ameriken (American Public Transportation Association, APTA), li te travay pandan kat ane avèk manm ajans transpò a sou règleman federal, defans popilè ak pozisyon règleman nan tout endistri a. Madan Hynes te resevwa diplòm li nan Syans Politik ak Gouvènman nan Inivèsite St. Catherine (St. Catherine University) ak yon MPP nan Règleman sou Transpò nan Lekòl Schar Politik ak Gouvènman Inivèsite George Mason (George Mason University's Schar School of Policy and Government).

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)